



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

29 me 2020

Chè fanmi,

Sante ak sekirite kominote nou yo rete pi gwo priyorite nou, epi nou pral kontinye pran tout mezi apwopriye pou ede kenbe elèv, fanmi, ak manm pèsònèl nou yo ansante. Sa genyen de semèn, nou te pataje enfòmasyon avèk ou konsènan Sendwòm enflamatwa multi-sistèm pedyatric (Pediatric Multi-System Inflammatory Syndrome), oswa PMIS, yon maladi ki ka menase lavi timoun. Semèn pase, DOHMH fè nou konnen non maladi sa a rele kounye a Sendwòm Enflamatwa Miltisistèm nan Timoun (Multisystem Inflammatory Syndrome in Children, MIS-C). Konsèy DOHMH te bay yo rete ann efè epi nou priye ou pou ale nan nyc.gov/health nempòt lè pou jwenn enfòmasyon enpòtan sa a ki gen rapò avèk MIS-C. La, w ap jwenn tou [Fèy enfòmasyon](#) MIS-C yo te mete semèn pase a ak nouvo vèsyon nan plizyè lang [la a](#).

Kòm yon rapèl amikal, fanmi ta dwe kontinye pale avèk pitit yo sou enpòtans mezi sa yo k pi a, epi asire pitit ou yo ap fè bagay sa yo:

- An konfòmite avèk Dekrè egzekitif NYS 202.17, **tout moun ki gen plis pase laj de ane ki ka medikalman tolere pou yon bagay kouvri figi yo dwe mete youn lè yo deyò kay yo** si yo pa ka kenbe distans fizik ak lòt moun. Yo bay bagay pou kouvri figi gratis nan lokal DOE ki bay manje yo nan tout senk borough yo—ou ka jwenn youn tou pre w [sou sitwèb DOE a](#).
- Distans fizik ak bon ijyèn rete enpòtan anpil, menm lè figi w kouvri.
- Lè adilt ak timoun deyò kay yo, yo **dwe kenbe omwen yon distans 6 pye** ant yomenm ak lòt moun lè sa posib.
- Paran dwe fè timoun yo sonje enpòtans bon ijyèn men epi yo ta dwe ede asire timoun lave men yo souvan.

N ap kontinye kominike avèk ou chak semèn konsènan MIS-C. Tanpri ale sou nyc.gov/health nan nempòt moman pou jwenn dènye enfòmasyon yo sou MIS-C, epi pa ezite pou kontakte 311 si w gen nempòt kesyon.

Avèk senserite,

Richard A. Carranza

Chanselye

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk